Ч1аг1йо

дешаран хьукматан

куьйгалхо

Мехиева Э.Х.

«29» август 2017шо

# Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциацих положени

## I. Юкъара хьелаш

Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциаци кхетош- кхиоран а, дешаран а, методикин а, талламан-экспериментальни а, классан арахьарчу а белхийн цхьана я масех гергарчу дешаран предметийн белхан коьрта дакъа ду.

Хьехархойн методически ассоциаци вовшахтуху цхьана предметанана я цхьаьнайог1учу предметийн кханнал-пхеннал к1езиг хьехархой бацахь. Хьехархойн методически ассоциацина юкъабаха тарло йозучу а, вовшийн т1еюзучу а предметийн хьехархой. Дешаран хьукматашкахь иштта кхолла тарло кхетош- кхиоран белхалойн а, классийн куьйгалхойн а методически ассоциацеш.

Хьехархойн методически ассоциации барам (дукхалла, масалла) билгалбоккху шайна хьалха латтташ долу декхарш кхочушдан оьшуш хиларе хьаьжжина, дешаран хьукматан куьйгалхочо шен омрица т1е а ч1аг1бо. Хьехархойн методически ассоциацина юкъабог1учу хьехархоша шайн предметашкахь дешархой кхетош-1аморехь болх бо.

Дешаран кепаш хила тарло дийнан, суьйренан, экзамен д1аяла ша кечам бина волу а (экстернат), ц1ахь 1аморан. Экзамен д1аяла ша кечам бан а, ц1ахь 1амон а предметаш билгалйоху (къастайо) России Федерации а, Нохчийн Республикин а дешаран а, 1илманан а министерствон говзанчаша.

Методически ассоциацеш кхуллу, юхад1ах1иттайо, д1айоху дешаран хьукматан куьйгалхочо дешаран декъан куьйгалхочо уып эшар-цаэшар билгалдаккхарца.

Хьехархойн методически ассоциацеш юкьарло йоцуш караерзийна ю дешаран хьукматан дешаран декъан доладархочунна.

Хьехархойн методически ассоциацеша шайн г1уллакхашкахь лардо:

- России Федерации законаш, конвенци;
- России Федерации, Президентан указаш;
- России Федерации правительстван, дешаран урхаллин органийн, дешаран хьукматан локальни бакъонийн актийн сацамаш; - дешаран хьукматан куьйгалхочун буьйраш.

Дешаран кхетош-кхиоран, методически, зеран - экспериментийн белхаш хьехархойн методически ассоциацеша кхочушбо х1окху положении а (законан), дешаран министран омрийн а, куьйгаллин а (директиван) бух т1ехь. Къинхьегам ларбаран а, кхерамазалла 1алашъяран а, ц1е ца ялуьйтучу дуьхьалонан а, школан уставан а, чоьхьарчу белхан къепанан бакъонийн а, къинхьегамийн (я белхийн) ч1аг1амийн а (договоров) бакъонийн, норманийн куьйгаллица д1ахьо чоьхьарчу г1уллакхийн къепе.

## II. Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциацин декхарш а, некъаш а

Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциаци, дешаран хьукматан д1ах1оттаман дакъа ша хиларе терра, кхуллуш ю оцу дешаран хьукматана т1едеххкина билггала долу декхарш, 1алашонаш кхочушъян:

– интеллектаца, культураца, г1иллакх-оьздангаллица кхиарехь дешархойн хьашташ кхочушдан;

– цхьана я масех гергарчу предметехь дешаран кхетош-кхиоран, методикин, зеран-талламан белхаш лаккхарчу барамехь вовшахтоха а, д1абахьа а;

– тайп-тайпана белхаш д1абахьаран а, хьехаран а некъаш кхио, царна (оцу белхашна) материальни хьолаца а, техникин г1ирсашца а кхачо ян;

– хьехархойн говзалла лакхаяккха;

– хьехархойн зераш д1адахьа (я эксперименташ ян);

– арахецархой корматаллина т1ехьовсоран а, уьш лакхарчу дешаран хьукматашка деша баха кечбаран а г1уллакхаш вовшахтоха;

– хьехаран методикин а, дешархой кхетош-кхиоран а г1уллакхашна лерина педагогикин зераш д1адахьа а, церан жам1аш дешаран процесса юкъадало а;

– дешаран, методикин г1уллакхашна лерина йолу горга стоьлаш, кхеташонаш, хьехархойн кхолларалллин отчеташ, и.д.кх. а;

– дешархой кхетош-кхиоран а, хьехаран методикин а г1уллакхашна лерина йолу хьехархойн ассоциацин кхеташонаш;

– хьехаран методикина а, кхетош-кхиорна а, юкъарчу хьехарна а, син1аткъамна а (психологина) лерина йолу лекцеш, докладаш, хаамаш, къовсадаларш;

– дешаран кхетош-кхиоран процессехь куьйгаллин документаш, хьалхелелочу хьехархойн зеделларг 1амо, шардан (кхочушдан);

– предметан а, методикин а к1иранаш д1адахьа;

– вовшийн хьехарсахьташка эха;

– дешаран хьехарсахьташ д1адахьаран (даран) дикалла талла.

## III. Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциацин г1уллакхийн коьрта некъаш

Хьехархойн методически ассоциацин г1уллакхийн коьрта некъаш:

– предметийн дешаран г1уллакхех хиллачийн таллам бар;

– дешаран хьесапийн кепийн дакъош кечдарехь дакъалацар;

– дешаран курсийн дукхаллин а, чулацаман а т1едахкарш мелла а лахдеш хийцар;

– пачхьалкхан дешаран кепийн т1екхетам хилийтархьама 1амочу предметийн интегрированни дешаран программаш кхоллар а, вовшашца йозуш йолу предметаш программашца цхьаьнайог1уш хилийтар а;

– предметашна лерина дидактически г1ирсаш, электронни коьчалш, дешаран методически куьйгайозанаш кечдар а, дийцаре даккхар а;

– предметашна лерина йиллина занятеш а, классал арахьара белхаш а д1абахьар;

– дешаран предметаш хьехаран методически г1уллакхех, говзалла айаран, хьехархойн говзалла айаран даржах йолу докладаш кечъяр а, йийцаре яхкар а;

## V. Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциацин г1уллакхаш таллар

Хьехархойн методически ассоциацин г1уллакхаш толлу дешаран хьукматан куьйгалхочо а, методикин, дешаран кхетош-кхиоран белхийн куьйгалхочун г1оьнчаша а дешаран хьукматан куьйгалхочо т1еч1аг1ъечу хьукматан методикин белхан, хьукматан чоьхьарачу талларан хьсапашка хьаьжжина.

## VI. Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциацин болх

Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциацин куьйгалхочун (председателан) болх д1ах1оттабо даханчу дешаран шеран хьехархойн методически ассоциацин белхан жам1ийн а, карарчу шеран 1алашонийн а, шахьаран, к1оштан, дешаран хьукматан мероприятийн (белхийн) а, карарчу шеран дешаран хьукматанан кхетош-кхиоран, методикин белхийн а хьесапаш т1ехь. Шена хьалха латтачу декхаршка, 1алашонашка хьаьжжина методически ассоциацин балха юкъадог1у




Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциацин т1ехь куьйгалла до, белхан зеделларг алсам долчу хьехархошна юкъара, методически ассоциацин хьехархойх дага а волуш, дешаран хьукматан куьйгалхочо х1оттийначу куьйгалхочо.

Хьехархойн методически ассоциацин болх д1ахьо карарчу дешаран шеран белхан хьесапе (плане) хьаьжжина. Хьесап х1оттадо методически ассоциацин куьйгалхочо, йийцаре юьллу методически ассоциацин кхеташонехь. Дешаран, кхетош-кхиоран белхан (УВР), методически белхан (МР) дешаран хьукматан куьйгалхочун г1оьнчащца йийцаре а йой, т1еч1аг1йо куьйгалхочо.

Тарлун меттиг д1алоцу хьесап х1отторехь рузманан хьесапан 1алашонаша, аьлча а, белхаш хенашца бузу кхечу методически ассоциаци таронашка хьаьжжина. Уггар коьрта билгалонаш гойтучу рузманан хьесапаш т1ехь х1оттайо х1ора мероприяти (болх) йолало а, чекхйолу а хан, церан (мероприятийн) йохалла, оьшу т1аьхьалонаш (кадрови, 1илманан-методически, дахаран-технически).

Тайп-тайпана ду рузманан хьесапийн гайтаран (сурт х1отторан) некъаш. Уггар яьржина а, методически ассоциацин хьесапна т1еэца мега йолу а рузманан хьесапаш чалтаран (таблицин) кепехь ерш ю.

Методически ассоциацин белхан хьесап лаьтта х1окху дакъойх:
– методически ассоциацино т1ехь болх бен коьчал (тема);
– керлачу дешаран шарна методически ассоциацин 1алашо а, декхар а;
– шахьарийн а, к1оштийн а, дешаран хьукматан юкъара а болх;
– методически ассоциацехь дешаран кхетош-кхиоран болх;
– методически ассоциацехь методически болх;
– дешаран-методикин г1ирсашца кхачо яр.

Шен г1уллакхан (белхан) тема, 1алашо, коьрта декъарш методически ассоциацино вовшахтуху дешаран хьукматан юкъарчу декхаршка хьаьжжина, белхан башхалла тидаме а оьцуш.

## VII. Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциацин белхан хьесап х1оттор

Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциацин куьйгалхочо х1ора дешаран шо чекхдолуш (апрель-май) жам1 до методически ассоциацина хьалха лаьттинчу декхарийн а, методийн а, царна т1екхиаран методийн а, кхочушхиллачийн а, хьалха х1иттинчу халонийн а, Керлачу дешаран шарна билгалдоху коьрта некъаш, 1алашонаш, г1уллакхийн (белхан) йоцца программа.

Дешаран кхетош-кхиоран белхийн (УВР), методически белхан (МР) дешаран хьукматан куьйгалхочун г1оьнчашца методически ассоциацина декхарш а, белхаш а билгалбаьхначул т1аьхьа методически ассоциацин куьйгалхочо х1оттадо «Дешаран шарна методически ассоциацин белхан хьесап». Хьесапо гойту 1алашонийн хьалхxе билгалъевллачу комплексийн кхиамашна т1евуьгучу белхийн д1ах1оттаман билггала йолу т1аьхьа-хьалхалла. Цо гайта деза хьан, х1ун дан деза а, маца, муха дан деза а, юкъабало беза берриг оьшу сацамаш. Дешаран хьукматехь хьесап кхочушдархьама ерриг методически ассоциацин а, иштта цхьацца хьехархочун а г1уллакхашца отчетан кепан къепе х1отто а еза, цуьнан таллам кхочушбан (бан) а беза. Методически ассоциацин г1уллакхийн бакъболу хиламаш гулбан, кечбан, церан таллам бан, уьш хьесапан гайтамашца буста, царех кхочушбанза бисинарш гучубаха, уьш кхочушбанза бисаран бахьанийн таллам бан, х1оттийначу 1алашонна оьшу мероприятеш х1итто тарлур дац хьесап дика х1оттийна дацахь. Хьесапо таро хуьлуьйту ма-ярра рузманан графикаш а, расписанеш а, и.д.кх. а х1итто.

## VIII. Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциацин декъашхойн функцин декхарш.

Методически ассоциацин декъашхойн функцин декхарш ду:
– методически ассоциацин методически а, информацин а белхашкахь дакъалацар;
– методически ассоциацин кхеташонашкахь а, 1илманан-методикин семинарашкахь а, зеделлачун хьалхелелочу дешаран хьукматашкахь а и. д. кх. а дакъалацар;
– хьоьхучу предметан а, курсан а, факультативан а, и. д. кх. а чулацаман 1илманан-методикин кхачо яран балхахь дакъалацар;
– дешаран предметаш хьехаран диагноз х1отторан, прогноз яран, план х1отторан г1уллакхашкахь оьшу син1аткъаман-хьехаран г1ирсаш х1иттор;

– ша-шен зеделлачун жам1 дар, методически ассоциацин декъашхошна юкъахь и даржор, вовшахтохар;

– дешаран процессехь пайдаоьцу хьехаран, кхетош-кхиоран, кхиаран уггар пайдехь йолчу методашна кхолларалллин отчеташ кечъяр;

– методически ассоциацин балхахь дакъалоцучу къоначу говзанчашна г1о дар (диллина хьехарсахьташаш дарца а);

– дешаран хьукматан хьехархошна предмет хьехаран методикин карарчу хенахь мехала лоручу проблемашна лерина консультацеш яр;

– дешаран хьукматан администрацица цхьаьна аттестацина хьехархой кечбарехь дакъалацар;

– дешаран хьукматан хьехархошна а, дешархошна а лерина 1илманан-практически конференцеш д1аяхьар (методически ассоциацин т1едилларца).

## IX. Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциацин декъашхочун – хьехархочун декхарш

Дешаран дикалла таярна аьтту беш йолчу тестийн, диагностикийн, хьехарсахьтийн х1оттамийн, керлачу технологийн банк кхуллу.

Хьоьхучу предметана говзаллина т1ехьажоран дешаран картотека лелайо, дешаран кхетош-кхиоран хьесапаш вовшахтохаран а, предмет хьехаран методикин а, дешархой кхетош-кхиоран а хьокъехь методикин магораш кечдо.

Дешаран хьукматийн, шахьарийн, к1оштийн предметийн олимпиадаш д1аяхьарна лерина тексташ (тесташ) х1иттайо (к1оштан дешаран урхаллин куьйгалхойн т1едилларца).

## X. Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциацин декъашхочун – хьехархочун бакъонаш

Хьехархочун, нохчийн меттан, литературин хьехархойн ассоциацин декъашхочун шена хуучун дозанашкахь бакъо ю:

– нохчийн меттан, литературин хьехархойн методикин ассоциацин а, дешаран хьукматан методически советан а балхахь дакъа лаца;

– дешаран кхетош-кхиоран, кхиаран хьокъехь законна дуьхьал доцчу кепара методически магораш х1итто а, кхолла а;

– нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциацин болх кхачаме балорхьама предложенеш яло;

– цхьана кепара нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически ассоциацина юкъахь бен дакъа ца лаца.

Нохчийн меттан, литературин хьехархойн
методически цхьаьнакхетараллин куьйгалхо
Саралиева А.Д.